# Ñetteelu bataaxal bi Yàlla may YOWAANA, mu bind ko

1 Man njiit li, maa ngi lay bind, yaw sama xarit
Gayus, mi ma bëgg ci sama xol.
2 Sama soppe, maa ngi ñaan, Yàlla may la
jàmm ci lépp, ànd ak wér-gi-yaram, ju mel ni
sa naataangeg xol. 3 Sunuy bokk ñëw nañu te
seede ni nga fonke dëgg gi, ba wéer ci sa dund
gépp, te bég naa ci lool. 4 Awma mbég mu ëpp
lii: ma dégg ne samay doomi diine ñu ngiy jaar
ci tànki dëgg.

### *Ñi ànd ci liggéey bi ak ñi ci àndul*

5 Yaw sama xarit, sa takkute fés na ci teeru bi
ngay teeru bokk yi, te fekk xamoo leen. 6 Seedeel
nañu sa mbëggeel fi kanam mbooloom ñi gëm.
Taxawu leen nag ci seen yoon taxawu gu neex
Yàlla. 7 Ndaxte turu Kirist la leen taxa jóg, te
sàkkuwuñu daray ku gëmul. 8 Nun nag fàww
nu teeru ñu mel ni ñoom, ngir nu ànd ak ñoom
liggéeyal dëgg.
9 Bind naa mbooloo mi bataaxal, waaye Joteref,
mi bëgg not ñépp, du dégg sunu ndigal. 10 Kon
nag su ma ñëwee, dinaa fàttali li mu def lépp, ci
di nu sosal ci kàdduy neen yu ñaaw. Yemu foofu
sax, waaye nanguwula teeru bokk yi, rax-ca-dolli
ku leen bëgga teeru, mu gàllankoor ko, dàq ko
ci mbooloo mi.

11 Sama xarit, bul roy lu bon, waaye lu baax
rekk. Kuy def lu baax, ci Yàlla nga bokk; kuy def
lu bon, xamoo dara ci Yàlla.
12 Naka Demetirus nag, ñépp seedeel nañu ko
lu baax, te dëgg gi ci moom sax seedeel na ko
ko. Nun itam seedeel nanu ko te wóor na ma ne
sunu seede dëgg la.
13 Am na lu bare lu ma la bëggoona wax,
waaye lépp xajul ci kayit. 14 Kon yaakaar naa laa
seetsi balaa yàgg, jàkkaarlook yaw, nu waxtaan
ci.
15 Yal na jàmm ànd ak yaw. Xarit yi yépp ñu
ngi lay nuyu. Nuyul nu sunuy xarit, kenn ku
nekk ci turam.

# Téereb Injiil
## The New Testament in Wolof, 2010 version.
## Le Nouveau Testament en langue Wolof, revision de 2010

copyright © 2010 La Mission Baptiste du Sénégal

Language: Wolof

Dialect: Regional Wolof

Translation by: La MBS

For full copyright statement, see http://sng.al/copyright
This translation is made available to you under the terms of the Creative Commons Attribution-Noncommercial-No Derivatives license 4.0.
You may share and redistribute this Bible translation or extracts from it in any format, provided that:

You include the above copyright and source information.

You do not sell this work for a profit.

You do not change any of the words or punctuation of the Scriptures.

Pictures included with Scriptures and other documents on this site are licensed just for use with those Scriptures and documents. For other uses, please contact the respective copyright owners.

2020-07-09

---

PDF generated using Haiola and XeLaTeX on 22 Feb 2024 from source files dated 17 Jul 2020
79742756-9e1e-54a8-8cef-3115026c278e